



Pou Piblikasyon Imedya: 21/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM RESTORE NEW YORK 60 MILYON
DOLA PRAL LANSE APLIKASYON YO DEMEN**

Pwogram nan sipòte efò lokal yo pou transfòme estrikti ki delabre, ki pa ase itilize pou tounen devlopman dinamik rezidansyèl, komèsyal ak pou itilizasyon melanje – Aplikasyon an ap disponib [isit la](#)

Fè swivi ak pwopozisyon bidjè egzekitif ane fiskal 2025 Gouvènè a pou investi 50 milyon dola nan lavni Rounds of Restore NY

Wèbinè enstriktif pou minisipalite ki enterese yo pral fèt 27 fevriye – Enskri [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a aplikasyon pou pwochen pwogram sibvansyon Restore New York 60 milyon dola a ap ouvri demen 22 fevriye 2024. Pwogram nan, ke Empire State Development jere, sipòte efò minisipalite yo pou demoli, reyabilite ak restore estrikti ki te delabre yo epi transfòme yo an devlopman rezidansyèl, komèsyal ak pou itilizasyon melanje. Nan kad bidjè egzekitif ane fiskal 2025 la, Gouvènè Hochul te pwopoze yon 50 milyon dola investisman pou finanse pwochen faz Restore NY, apiye sou angajman li pou revitalize anba lavil New York yo, ogmante rezèv lojman, epi ankouraje kwasans ekonomik lokal yo. Aplikasyon pou faz sa a pral disponib [isit la](#), apati demen.

"Avèk Restore New York, n ap mete 60 milyon dola nan finansman pou tounen pote lavi nan kominote yo toupatou nan eta nou an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram sa a bay minisipalite yo sipò yo bezwen pou transfòme bilding delabre yo an lojman, sant komèsyal ak plis ankò, epi nenpòt lidè lokal ki pare pou debloke potansyèl kominote a dwe aplike."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Restore New York bay minisipalite yo sipò yo bezwen pou pote chanjman reyèl nan kominote yo, espesyalman nan anba lavil yo. Lè yo retire oswa reyabilite move bagay ki detwi yon katye, minisipalite yo gen opòtinite pou revitalize kominote yo epi jenere nouvo opòtinite ekonomik."

Objektif Restore New York se pou ede atire rezidan yo ak biznis yo nan redevlopman pwopriyete rezidansyèl, komèsyal ak pou itilizasyon miks. Chak pwojè ta dwe aliyen ak

plan estratejik rejyonal Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la epi pwojè yo ta dwe swa an akò sou plan achitekti ak pwopriyete ki tou pre ak adjasan yo oswa yo an akò avèk revitalizasyon lokal minisipalite a oswa plan devlopman iben an.

Yo ka itilize finansman pou bilding ki vid, abandone, kondane oswa ki gen sipli epi pwopriyete sa yo ka demoli, dekonstwi, reyabilite oswa rekonstwi. Yo pral mete aksan sou pwojè ki nan kominote ki an detrès ekonomik yo, pwojè ki pwofite lòt fon redevlopman eta oswa federal yo ak fezabilite ak preparasyon pwojè a. Aplikan ki elijib yo enkli konte, vil, ti vil, ak vilaj ki nan Eta New York yo ki baze sou kritè sa yo:

- Vil ki gen plis pase 100,000 moun ka aplike pou jiska 4 milyon dola pou yon pwojè. Sepandan, vil ki gen plis pase 1 milyon moun nan popilasyon ak nan konte yo dwe aplike pou pwojè nan yon zòn ki an detrès nan vil la.
- Vil ak vilaj ki gen popilasyon ant 40,000 ak 99,999 ka aplike pou yon pwojè jiska 3 milyon dola.
- Tout lòt minisipalite yo ka aplike pou yon pwojè jiska 2 milyon dola.

Empire State Development ka bay yon kantite prim espesyal ki limite. Minisipalite ki gen popilasyon 100,000 oswa mwens ak Konte ki gen popilasyon 400,000 oswa mwens dapre dènye resansman an ka aplike pou yon lòt 10 milyon dola pou mete nan yon dezyèm pwojè separe oswa nan yon pati nan yon pwojè ki pi gwo anplis limit finansman ki endike anwo a. Pwojè espesyal yo se kote pwopriyete a lakòz domaj ekonomik grav nan kominote a, ki kite yon pwopriyete oswa anpil pwopriyete trè vizib ak delabre nan distri biznis santral la nan yon kominote ki an detrès sevè oswa modere ki gen yon efè depresif sou potansyèl devlopman ekonomik jeneral kominote a.

Nou ankouraje kominote ki enterese aplike pou yo enskri [isit la](#) pou wèbinè enstriktif ESD a, ki pral fèt 27 fevriye. ESD dwe resevwa yon fòm entansyon pou aplike anvan 25 mas 2024. Pou plis enfòmasyon detaye sou pwogram nan ak egzijans yo, vizite <https://esd.ny.gov/restore-new-york>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)